

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu geus dipedar saméméhna ngeunaan pakeman basa, gaya basa jeung larapna dina pangajaran di SMP kelas IX bisa dicindekeun saperti ieu di handap.

Kahiji, dina ieu panalungtikan, aya 73 pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* Karya Moh. Ambri. Tina 73 ungkara pakeman basa anu kapaluruh dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* Karya Moh. Ambri téh 36 (49,32%) kekecapan, 27 (36,98%) babasan, 7 (9,59%) paribasa, 1 (1,37%) rakitan lantip, jeung 2 (2,74%) pranata mangsa. Sedengkeun kecap kiasan, cacandran, uga, candra sangkala, caturangga, repok, jeung wirasat mah henteu kapanggih dina ieu novél.

Tina sababaraha wanda pakeman basa saperti babasan jeung paribasa, dipasing-pasing deui jadi sababaraha bagian. Babasan dipasing-pasing deui jadi dua bagian nyaéta dumasar wangunanna jeung dumasar wandana. Data anu kapaluruh dumasar kana wangunanna nyaéta 13 (48,15%) wangun rundayan, 13 (48,15%) wangun kantétan, jeung 1 (3,7%) wangun frasa, sedengkeun dumasar kana wandana kapaluruh aya 14 (51,85%) babasan ngaran awak sakujur, 2 (7,42%) babasan ngaran sasatoan, 5 (18,52%) babasan ngaran tutuwuhan, jeung 6 (22,22%) babasan ngaran kaayaan alam, sedengkeun babasan ngaran barang teu kapaluruh dina novél *Ngawadalkeun Nyawa*.

Paribasa anu kapaluruh nyaéta 7 (9,59%). Paribasa dipasing-pasing deui jadi opat bagian nyaéta (1) dumasar unsur pangwangan, paribasa anu kapaluruh aya 5 (71,43%) paribasa salancar, 2 (28,57%) paribasa jembar, (2) dumasar kana maksud anu dikandungna, 7 (100%) paribasa piluangeun, sedengkeun paribasa pituah jeung paréntah mah teu kapanggih dina ieu novél, (3) dumasar kana cara gelarna, 6 (85,71%) paribasa dumasar asal kajadian, 1 (14,29%) paribasa dumasar kana tarjamahan tina basa séjén, sedengkeun paribasa dumasar kabujanggaan teu kapanggih dina ieu novél, (4) dumasar kana sumber babandinganna, aya 4 (57,14%) paribasa ngaran awak sakujur, 2 (28,57%) paribasa ngaran kaayaan alam, 1 (14,29%) paribasa ngaran laku lampah, sedengkeun paribasa ngaran sasatoan, paribasa ngaran tutuwuhan, jeung paribasa ngaran barang teu kapanggih dina novél *Ngawadalkeun Nyawa*.

Kadua, tina data anu kapaluruh, pakeman basa anu ngandung gaya basa aya 43

Rika Yustika, 2021

GAYA BASA DINA PAKEMAN BASA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN IDIOM DI KELAS IX SMP
(ULIKAN STILISTIKA KANA NOVÉL NGAWADALKEUN NYAWA KARYA MOH. AMBRI)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(60,26%) pakeman basa tina 73 pakeman basa. Aya dalapan gaya basa anu kapaluruh tina pakeman basa dina novél *Ngawadalkeun Nyawa*, nyaéta 1 (2,33%) gaya basa ngupamakeun, 12 (27,91%) gaya basa lalandian, 6 (13,94%) gaya basa rautan, 2 (4,65%) gaya basa rarahulan, 1 (2,33%) gaya basa kadalon, 12 (27,91%) gaya basa kahanan, 7 (16,28%) gaya basa ébréhan, jeung 2 (4,65%) gaya basa silib.

Katilu, pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Ngawadlakeun Nyawa* karya Moh. Ambri bisa dijadikeun bahan pangajaran, hususna ngeunaan wanda katut harti tina pakeman basa jeung gaya basa. Sabada dianalisis dumasar kana kritéria bahan ajar tur disaluyukeun jeung bahan pangajaran dumasar kana kurikulum 2013 révsi 2017, yén ieu novél téh bisa dijadikeun alat pikeun nepikeun pangajaran kabasaan nyaéta pangajaran kandaga kecap hususna pakeman basa atawa *idiom*. Lian ti éta data pakeman basa jeung gaya basa anu geus kapaluruh ogé bisa dijadikeun aspék kaéndahan basa dina nulis karangan déskriptif.

Dumasar kana data anu dipedar di luhur, katitén yén pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri téh euyeub pisan, tur bisa ditalungtik dumasar kana papasingan wandana sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran matéri *idiom* di SMP kelas IX.

5.2 Implikasi

Pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri bisa dilarapkeun di sakola dina pangajaran *idiom* ogé dina pangajaran novél kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Siswa dibéré téks sempalan novél.
- 2) Siswa dibéré pancén pikeun maca téks sempalan novél.
- 3) Siswa néangan tur nyirian pakeman basa atawa *idiom* anu aya dina téks sempalan novél.
- 4) Siswa nganalisis pakeman basa jeung gaya basa anu kapaluruh dina téks sempalan novél dumasar kana papasinganana saluyu jeung ungkara pakeman basa. Siswa nyieun kalimah nu ngandung pakeman basa anu geus kapaluruh.

Dumasar kana kacindekan jeung léngkah-léngkah di luhur, implikasi dina ieu panalungtikan di antarana saperti ieu di handap.

Sabada nengetan, nganalisis, jeung ngalarapkeun pakeman basa jeung gaya basa anu aya dina novél *Ngawadalkeun Nyawa* karya Moh. Ambri, dipiharep siswa mampuh ngaronjatkeun kaparigelanna, saperti ieu di handap.

- 1) Maham kana pakeman basa jeung gaya basa, utamana maham kana papasingan wanda jeung hartina.
- 2) Parigel dina nyieun kalimah anu ngandung pakeman basa jeung gaya basa.
- 3) Parigel dina nulis karangan déskriptif kalayan ngagunakeun pakeman basa jeung gaya basa salaku aspék kaéndahan basa.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi anu perlu ditepikeun di antarana nyaéta.

Kahiji, panalungtikan ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa kudu tuluy dilaksanakeun. Katitén yén panalungtikan ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa téh masih kawilang saeutik.

Kadua, ieu panalungtikan ngeunaan pakeman basa téh kakara ditalungtik maké élmu stilistika jeung semantik. Ku kituna masih perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pakeman basa jeung gaya basa anu ngagunakeun élmu séjénna.

Katilu, pakeman basa jeung gaya basa dipiharep bisa jadi sumber ajén-inajén pikeun numuwuhkeun karakter masarakat anu hadé ngaliwatan pangajaran sastra jeung budaya Sunda.